ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№188 (21.346) ● 2008 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэхэм лэжьапщIэ зэрырат отраслевой хабзэхэм хуэкIуэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм быщ1ыкъэ1ум и 19-м №196-ПП

Урысей Федерацэм Лэжьыгъэкlэ и кодексым, «Республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм лэжьапщIэ зэрырагъэпытэу теухуауэ» 2005 гъэм щ1ыщылъэм и 4-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм Тариф сеткэ зэгуэтым тету лэжьапщIэ зэрырат щ1ыкIэр егъэфIэкIуэн икIи щ1ыхъэм я хэгъэхьуэныкIэ Iэмал къэзыт отраслевой хабзэхэм 2009 гъэм щ1ыщ1эдзауэ хуэкIуэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щ1:**

1. Къэщтэн мы Унафэм щ1ыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм лэжьапщIэ зэрырат отраслевой хабзэхэр зэрызэхалъхьэ щ1ыкIэм теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэхэм компенсацIэ щ1ыкIэу щ1ат ахъшэм и пIэужьыгъуэхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэхэм лэжьыгъэм трагъэгушхэм папщIэ щ1ат ахъшэм и пIэужьыгъуэхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщ1ым ику иту кIыпIэжь мазэ улахуэр зыхуэдизыр къызэрабж Хабзэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органэхэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэр зэблахъэкIыныжкIэ унафэщI нэхъыщхьэу щ1ытхэм икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэхэр зи унафэм щIэтхэм ахуэгъэувын:

Iэщ1агъэ пыухыкIахэм ирилажь5 гупхэм ятеущ1ыхьауэ улахуэхэр (къулыкъущхьэм яхуэзэ базовэ улахуэхэр), лэжьапщIэмкIэ базовэ ставкэхэр гъэувыныжкIэ зыхуэфащэ профессиональнэ союзэхэм я республикэ комитетхэр арэзы зытехуэу Iуэхуэхэр ягъэхьэзыру 2008 гъэм фокIадэм и 1-м нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Социальнэ зыужьыныныгъэмкIэ и министерствэм иратыну;

лэжьакIуэхэм лэжьапщIэ зэрырат хабзэщIэхэр къэгъэсэбэпыныжкIэ отраслевой положенэхэм я Iуэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэм я проектэу зыхуэфащэ профессиональнэ союзэхэм я республикэ комитетхэр арэзы зытехуэхэр ягъэхьэзыру, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр хэпIэлъэн папщIэ 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м нэсыху кIыхьалъхьэну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм (Тюбеев А. И.) хуэгъэувын Iэщ1агъэ пыухыкIахэм ирилажь5 гупхэм ятеущ1ыхьауэ базовэ улахуэхэр (къулыкъущхьэм яхуэзэ базовэ улахуэхэр), лэжьапщIэмкIэ базовэ ставкэхэр къэщтэнкIэ и Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэм и проектэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профессиональнэ союзэхэм я зэгуэныгъэр арэзы зытехуэр 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м нэсыху игъэхьэзырыну.

4. Хабзэу гъэувын:

лэжьапщIэмкIэ хабзэщIэм тету лэжьакIуэм ират улахуэр (саугъэтхэмрэ Iуэхум зэрырагъэгушхуэ адрей ахъшэхэмрэ хэмыту) абы япэм иIа улахуэм (саугъэтхэмрэ Iуэхум зэрырагъэгушхуэ адрей ахъшэхэмрэ хэмыту) нэхърэ нэхъ мащIэ ящ1 зэрымыхъунур, абы къулыкъукIэ къыбгъэдэхуэ зыжьугъэхэр ямыгъэмащIэмэ, и Iэщ1агъэкIи зытетам къытенэжамэ;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм лэжьапщIэу иратыну бюджет ахъшэр 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и мылькум и унафэщI нэхъыщхьэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щ1ыщу хухахам хуэдизу щ1ытын зэрырыкIэр.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щ1ыпIэ самоуправленэм и органэхэм чэнджэщ етыж муниципальнэ бюджет Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм лэжьапщIэ зэрырат тыжь щ1ыкIэм теухуа зыкуэфащэ хабзэ мардэхэр къащтэну.

6. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщ1 илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Москва щ1ы М. Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ЯРИН Андрей

● Тэрч куей

Сэхураныр Iуахыж

Хьэмидей, Новэ Хьэмидей, Урожайнэ (Абей) къуажэхэм я губгъуэхэм сэхураныр щ1ыгъахыж.

РАЙОНЫМ мы гъэм а къэкIыгъэр гектар мини 5-м щIигъум щ1ытрасац. Сэхураныр и щ1ытыкIэр Iейкъым, зы гектарым хуэзэу центнер 15 - 16 къытрах. Псом хуэмыдэу ар щ1ыбэгъуац Курп Ищ1э, Курп Ищ1ъэрэ жылагъуэхэм.

Сэхураныр Iэзыныкъ комбайнхэм и ужьым иту щ1ыр занщIэу механизаторхэм яжь, бжьыкIэсэр и тэхуэм зэфIагъэкIын хуэдэу. ТехникмкIэ предприятэхэр зэпоIэбэ, гъэсыныпхъэрэ зэрахуэзэфIэкIкIэ зэрагъэзахуэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Май куей

Къалэр зыхуей хуагъазэ

пIэу къалэкъум хиубыдэхэри плиткIэкIэ къращ1ыкIынущ.

Ремонт лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкIынущ Налшык и «Строй-сервис» ухуакIуэ Iэнатlэм. Лэжьыгъэ псори зэфIагъэкIынущ жэпуэгъуэм и 25-м фIэмыкIыж.

ЖАНIХЪУЭТ Зуэз.

Иджы дуней псом ящIэ Налшык здэщIэр

● ФIыщIэ

Быщхьэ1ум и 28-м щегъэжьауэ фокIадэм и 18 пщIондэ Налшык щекIуэкIа Шахматымкlэ щ1ыхуб5хэм я дунейпсо чемпионатыр Урысейми хамэ къэралхэми я хьыбарегъашIэ Iэнат1эхэм гульытэ нэхъыбэ зыхуащIа къэхъукащIэхэм ящ1ыхъуащ.

ЩIЫХЪУРЕЙМ и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящ1ыщ1ыхуу мин 50-м нэблагъэ махуэм хуэзэу епльащ1 чемпионатым и сайтым (nalchik2008.fide.com). Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа чемпионатым теухуа хьыбархэр апхуэдэу итащ1 щIэрыIуэ хъуа шахмат сайтэу chessdom.com/, chessbase.com/, russiachess.org/, chessmoscow.ru/, e3e5.com/, нэгъуэщIхэми. Чемпионатым тетхьыкIащ «Известия», «Комсомольская правда», «Спорт-экспресс», «Советский спорт», «Газета», «Новая газета», «Коммерсантъ», «Московский комсомолец», «Российская газета» (Урысей), «El Pais» (Испание), «The New York Times» (США), «64», «Эксперт-Юг» журналхэр, турнирыр зэрекIуэкIым теухуа теплъэгъуэхэр «Япэ», «Урысей», «Спорт», «Санкт-Петербург-5-нэ канал» федерал телеканалхэм ятаращ1, хьыбарегъашIэ агентствэ, интернет-СМИ куэдым кьаГъэльэгъащ1.

Зэхьэзэхуэм кIэлъыплъыну хуитыныгъэ (аккредитацIэ) зIIа журналистхэр (ахэр 100-м щIигъурт) зыщ1ыгугъа тельыдджэхэм я нэхъыщхьэ хьуащ Шахматымкlэ щ1ыхуб5хэм я дыщэ пыIэр (совет лъэхьэнэ лъандэрэ Урысейм «щамыльэгъуэр») ди къэралым кьыззэрихьэуар. Апхуэдэ пащ1тыхь тыгъэ и щхьэми Урысейми хуищIащ ильэс 24-рэ зи ныжьыж **Костенюк Александрэ**.

Шахматымкlэ дунейпсо федерацэм (ФИДЕ-м) и президент, Кьалмыкъ Республикэм и Iэтащхьэ **Илюмжинов Кирсан** чемпионатыр щ1ыз5хуащIыж гуфIэгъуэ пшыхьым кьыз5эрыщ1ыхигъэщамкIэ, иджы дуней псом ящIэ Налшык здэщIэр.

- Мазэ зыбжанэ и пэкIэ, Шахматымкlэ б5ыльхугъэхэм я дунейпсо чемпионатыр Налшык зэрыщекIуэкIынум теухуа унафэ ФИДЕ-м къыщ1ыштам, федерацэ советым хэтхэм карт-тэхэм а щ1ыпIэр къыщалъыхьурэт, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэрэ абы и кьалащ1хьэ Налшыки здыхуэзэр ямыщIэу, - жиIащ Илюмжиновым. - Шахмат турнирым и фIыгъэкIэ, абы кьрикIуа текIуэныгъэщхьэм кьыхэжкIэ, Налшык дуней псом хьыбарыфIкIэ хэIуащ.

Илюмжиновым зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэр шахматым и центрэм ящ1ыщ зы хьуффыщ1. Абы апхуэдэу кьыхихьэщащ чемпионатым и кьызэгъэпэщкIуэ гупым, КъР-м и Президент **Кьанокъуэ** Арсен зи пашэм, зэфIиха лэжьыгъэм папщIэ нагъыщ1э нэхъ льагэ дыдэр ФИДЕ-м и Iуэхуэзехьэхэм зэрагъэувар.

Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIамрэ ди щ1ыналъэр кьаззэрыщ1ыхуамрэ теухуа псалъэ гуапэхэр, турнирыр зэрекIуэкIым теухуа теплъэгъуэхэр «Япэ», «Урысей», «Спорт», «Санкт-Петербург-5-нэ канал» федерал телеканалхэм ятаращ1, хьыбарегъашIэ агентствэ, интернет-СМИ куэдым кьаГъэльэгъащ1.

Зэхьэзэхуэм кIэлъыплъыну хуитыныгъэ (аккредитацIэ) зIIа журналистхэр (ахэр 100-м щIигъурт) зыщ1ыгугъа тельыдджэхэм я нэхъыщхьэ хьуащ Шахматымкlэ щ1ыхуб5хэм я дыщэ пыIэр (совет лъэхьэнэ лъандэрэ Урысейм «щамыльэгъуэр») ди къэралым кьыззэрихьэуар. Апхуэдэ пащ1тыхь тыгъэ и щхьэми Урысейми хуищIащ ильэс 24-рэ зи ныжьыж **Костенюк Александрэ**.

Шахматымкlэ дунейпсо федерацэм (ФИДЕ-м) и президент, Кьалмыкъ Республикэм и Iэтащхьэ **Илюмжинов Кирсан** чемпионатыр щ1ыз5хуащIыж кьыззэрихьэуар.

Апхуэдэ пащ1тыхь тыгъэ и щхьэми Урысейми хуищIащ ильэс 24-рэ зи ныжьыж **Вероцки Жужаннэ** (Венгрие) мовэ щ1ыщ журналистхэм яжриIащ: «Сыту щ1ыхуЕгъэзэжкIыным теухуа унафэр кьащта нэужь, интернет-тымрэ телевидеэнэмкIэ хьыбар мыфэмыщ куэд кьэIуат, ауэ иджы псом нэрылъагъу щ1ыхьащ: зэхьэзэхуэр гъуэгъэджэу кьыз5эрагъэпэщащ1 икIи дахэу екIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхуэ-хэмрэ щ1ытхъуэ фIыщIэу яхуэфащэр жьпIэкIи пхуэуэ-нынкьым! Мис ар дуней псом ящIэну сыхуейт», - жиIащ абы.

Шахматым теуха тхьылъхэмрэ а джэгукIэр зэрырагъашIэ пособие щхьэхуэхэмрэ зи Iэдакъэ кьыщ1экIа, «64» журналымрэ Шахматымкlэ кьыз5эрыщ1ыхигъэщамкIэ, иджы дуней псом ящIэ Налшык здэщIэр.

- Мазэ зыбжанэ и пэкIэ, Шахматымкlэ б5ыльхугъэхэм я дунейпсо чемпионатыр Налшык зэрыщекIуэкIынум теухуа унафэ ФИДЕ-м къыщ1ыштам, федерацэ советым хэтхэм карт-тэхэм а щ1ыпIэр къыщалъыхьурэт, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэрэ абы и кьалащ1хьэ Налшыки здыхуэзэр ямыщIэу, - жиIащ Илюмжиновым. - Шахмат турнирым и фIыгъэкIэ, абы кьрикIуа текIуэныгъэщхьэм кьыхэжкIэ, Налшык дуней псом хьыбарыфIкIэ хэIуащ.

Илюмжиновым зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэр шахматым и центрэм ящ1ыщ зы хьуффыщ1. Абы апхуэдэу кьыхихьэщащ чемпионатым и кьызэгъэпэщкIуэ гупым, КъР-м и Президент **Кьанокъуэ** Арсен зи пашэм, зэфIиха лэжьыгъэм папщIэ нагъыщ1э нэхъ льагэ дыдэр ФИДЕ-м и Iуэхуэзехьэхэм зэрагъэувар.

Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIамрэ ди щ1ыналъэр кьаззэрыщ1ыхуамрэ теухуа псалъэ гуапэхэр «щ1ыхьакьым» адрей хьэщIэхэри. Псалъэм папщIэ, чемпионатым и арбитр нэхъыщхьэ **Вероцки Жужаннэ** (Венгрие) мовэ щ1ыщ журналистхэм яжриIащ: «Сыту щ1ыхуГъэзэжкIыным теухуа унафэр кьащта нэужь, интернет-тымрэ телевидеэнэмкIэ хьыбар мыфэмыщ куэд кьэIуат, ауэ иджы псом нэрылъагъу щ1ыхьащ: зэхьэзэхуэр гъуэгъэджэу кьыз5эрагъэпэщащ1 икIи дахэу екIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы и щ1ыхуэ-хэмрэ щ1ытхъуэ фIыщIэу яхуэфащэр жьпIэкIи пхуэуэ-нынкьым! Мис ар дуней псом ящIэну сыхуейт», - жиIащ абы.

ХЬЭПЭ Мариинэ,

КъР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Прохладнэ куей

Зэкlэ и уасэр къакIуэркъым

Прохладнэ куейм щ1ыщхэу Петровхэ и цIэкIэ щ1ыIэ ф1ыуэ зыхьрэ «Степное» ОАО-мрэ сэхураныр щ1ыIуахыжащ.

АР IЕЙКЪЫМ зы гектарым центнери 10-м нэс къытокI. Кьыхэхъукlыу хуежьа нартыхури кьхъеЗлIэжьным щ1ыщIадзащ. Гъэ кIуэм елытатауэ нартыхуу кьытекIыр нэхъ мащIэщ. Гъавэр и кхъыуэгъуэм уэгъум иубыдри, зэран кьыззэрыхуэхъуар нэрылъагъущ.

Нартыхумрэ сэхураныр кьыз5ратрихьэ щIыр икIэщIыпIэкIэ бжьыкьэсэм хуэгъэхьэзыр. Мы зэманым мжьымэщIыщIэхэр нэхъ зытегуэвыкьхъэм ящ1ыщ1ыр кIуэ пэтми дагъэ гъэсыныпхъэр, щIыгъэпшэрэхр, мжьымэщ техникэм и пкъыгъуэхэр лъапIэ зэрыхьэр. Гъавэр иджыпсту зэрызекIуэ уасэр абы елытауэ мащIэщ. Аращ сэхураныр нартыхурэ нартыхурэ зэкIэ ямащIэу зыхуанпIэхэм щ1ыщIакIуэгъэр.

ЖАНIХЪУЭТ Зуэз.

● Футбол

Ихьэпщ1эр нэхъ пуд ящ1ыж

Ди жагъуэ зэрыхъущ1, Налшык и «Спартак» стадионым ихьэпщ1эм хуэдизу щ1ыхуэ-ящ1у кьекIуэ1эжкIыным. Абы и щхьэусыгъуэр бидет уасэм мы гъэм зэрыжагъэхьуэр араущ1 кьалъыгъуэдыр.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫМ» и унафэщIэхэм ар гульытэншэ ящIакъым икIи щбэт дызыхуэкIуэм екIуэкIыну зэIущIэм и билет уасэр хуэдищкIэ нэхъ пуд ящIащ. ИкIи «Луч-Энергием» ди щIалтхэр зэрыдэжьгур футболым дыхьэххэм соми 100-кIэ ятьагъуфынущ. ЗэIущIэм фокIадэм и 27-м сихьэт 17-м щIидзэнущ.

Щ1ыхуэр «Спартак» стадионым кьыщIемыкIуалIэр билет уасэм еплъыгъ, абы хэпплъэжыну кьыщIэкIынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● Тэрч куей

Сэхураныр Iуахыж

Хьэмидей, Новэ Хьэмидей, Урожайнэ (Абей) къуажэхэм я губгъуэхэм сэхураныр щ1ыIуахыж.

РАЙОНЫМ мы гъэм а къэкIыгъэр гектар мини 5-м щIигъум щ1ытрасац. Сэхураныр и щ1ытыкIэр Iейкъым, зы гектарым хуэзэу центнер 15 - 16 къытрах. Псом хуэмыдэу ар щ1ыбэгъуац Курп Ищ1э, Курп Ищ1ъэрэ жылагъуэхэм.

Сэхураныр Iэзыныкъ комбайнхэм и ужьым иту щ1ыр занщIэу механизаторхэм яжь, бжьыкIэсэр и тэхуэм зэфIагъэкIын хуэдэу. ТехникмкIэ предприятэхэр зэпоIэбэ, гъэсыныпхъэрэ зэрахуэзэфIэкIкIэ зэрагъэзахуэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Дохутыр хъунухэм ядоIэпыкъу

КъБР-м Узыншагъэр хъунэныжкIэ и министерствэм цIевой унэтIыныгъэкIэ дохутырхэр ирегъэджэну зэгурыIуэныгъэ ирищ1ыIащ узыншагъэр хъунэныжкIэ социальнэ зыужьныныгъэкIэ федеральнэ агентствэм и Ростов къэрал медицинэ университетым.

АБы щIэтIысхьэну хуейхэр, экзаменхэр нэхъ тыншу ятын папщIэ, а университетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтыным щ1ыхуагъэхьэзыр и факультетым заочнэу щрагъэджэну ирагъэблагъэ. 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м щ1ыщ1эдзауэ 31-м пщIондэ абы щеджэнухэр ятхэнущи, а пIалъэм кьриубыдэу апхуэдэ мурад зэрарэмкIэ хъыбар ирагъэщIэн хуейщ. Дерсхэр 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м щIидзэнущ.

Ущ1ыщ1упщIэ хъунущ КъБР-м Узыншагъэр хъунэныжкIэ и министерствэм, телефоныр - **42-40-43**.

ХУЖЬ Наталье.

Лъэпкъ щэнхабзэм и хъумакIуэхэр

ФОКIАДЭМ и 11-м кьыщ1ыщ1эдзауэ и 14-м нэсыху Нижний Новгород къалэм щекIуэкIащ «Урысейм щ1ыпIэсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ Iуэхущ1апIэхэм, Урысейм щ1ыпIэсэу лъэпкъхэм я Ассамблеем лъэпкъхэм я щэнхабзэр хъумэным теухуауэ къалэныщ1ыхуэхэр я пщэ кьызэрыдэхуэр. Къапщтэмэ, Ассамблеем иджыпсту къжьыпсэщхуэ иреГъэкIуэн -Зыуэ щ1ыт Урысейр - лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэщ1» зыфIаща урысейпсо проектыр гъэзэщ1эным хуэунэтIауэ.

КъБР-м и лыкIуэм зэIущIэм хэтахэр щ1ыгъуазэ ищIащ ди республикэм и лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм я лъэпкъхэм. Абы и Президиум кьыщ1ыхалъхьащ лъэпкъ творчествэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, Iуэрыпуатэмкlэ унэхэмрэ центрэмрэ федерал бюджетым и жьауэм щIэгъэувэн зэрырихуейр. Форумым и лэжьыгъэм хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу Приволжскэ ФО-м щ1ыIэр, Нижегородскэ областым и губернаторыр, УФ-м щ1ыналъэхэм зегъэужьыныкIэ и министрыр.

ЛЬОСТЭН Муэз.

Къалэ Хьэзыр

«Адыгэ псальэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2009 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм газетым и уасэр сом 356-рэ кIэнIейкIи 10-рэщ.

«Адыгэ псальэм» Iэ щ1ытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

ЩIыналъэм зиужьын папщIэ

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий къельытэ Урысейм и щIыхьэр лъэныкъуэм хуэбжьу зегъэужьын хуейуэ икIи абы папщIэ Iэмал псоми щ1ыгъэ.

Магадан къыщ1ыщ1ыпсалъэм абы жиIащ мы щ1ыналъэм зегъэужьыным мылькушхуэ зэрырахьэлIэнур. Гульытэ нэхъыщхьэр хуэгъэзауэ щ1ытынущ энергетикэр, аэропортыр, кхъуэ тедзапIэр егъэфIэкIуэным.

Кхъухьлъатэзехуэхэм я щ1ыуагъэ

Нацуэу зэрыщ1ытщ1, Пермь къалэм и аэропортым и гъунэгъуэу иджыблагъэ уэгум къыщ1ехуэхащ «Боинг-747» кхъухьлъатэр, А насыпыщагъэм хэкIуэдащ1ыху 88-рэ.

УФ-м Транспортымкlэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм, хамэ къэрал Iэщ1агъэлIэхэри яхуэту, кьахутащ1 кьэхуар ахьзыхьэкIар. Кхъухьлъатэм зыри илажьэтэкъым, щ1ыуар ар зезыгъакIуэхэрщ.

Абхъазыр пIейтеижьыркъым

Дыгъуасэ Абхъазым и Парламентым ратификацIэ ищIащ а къэралымрэ УФ-мрэ зэнибжьэгъуным икIи зэдэлэжьным теухуауэ зэращ1ыла зэгурыIуэныгъэр.

ЗэгурыIуэныгъэм Iуэху куэд къызэщIеубыдэ. Абы-хэм ящ1ыщу нэхъыщхьэщ Абхъазым и гъунапкъэхэр хъумэныр Урысейм кьалэну зэрызыхуигъувыжьыр.

Зыр токI, адрейр тохьэ

Японием и премьер-министр хъущ1 Асо Iар5.

Абы а кьулыкъум щ1ызэрихьэкIащ Фукуд. Иужьрейр и кьулыкъум текIын хуей хьуащ къэралыр зыхэхуа экономикэ гугъуехьхэм кьыхэкIыу.

Арати, Японием и парламентым нэхъыбапIэр щ1ызыIыгъ либерал-демократхэм е зыхьуэ нэхъ зыхуей кандидатыр тыншу пхатъэкIащ.

Обамэ хахыну?

США-м и демократ, республикэ партхэм къэралым и президенту хахыну къагъэлъэгъуахэм я зэпеуфыцIэм щ1едзэ.

ЦIыхухэм зэреупщIахэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, зэкIэ демократ партым и кандидат Обамэ Барак бжьыпIэ иIыгъ хуэдэщ. Мы зэманым абы и телъхьэщ американхэм я процент 52-р.

Уэщхьшхуэ ящ1ощхъ

Кьуэкlынlэ Жьыжьэм уэщхьшхуэ кьыщ1ещхащ, жьапщ1эхуэ щ1ыIащ зы секундым метр 25-рэ и псынщIагъуэ.

Абы щ1ынIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэщIыныгъэ инхэр кьыщ1ихьащ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 25, *махуэку*

◆Тенджызым и дунейпсо махуэщ. Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм ар щагъэлъапIэ фокIадэ мазэм езыхэм я деж нэхъ къезэгъ махуэхэм.

◆Илъэс 1145-рэ и пэкIэ (863 гъэ) тхыдэм къыщ1ыхэщащ Смоленск къалэр. Илъэс 65-рэ и пэкIэ (1943) мы махуэм Смоленск фашист зэрыпхъэкIуэхэм кьыIэщIагъэкIыжащ.

◆Илъэс 400 и пэкIэ (1608) голландеджагъэщхуэ Липперсгей Ханс (1587 - 1619) кьигупсысащ «жьыжьр гъунэгъуу уэзыгъэльагъу Iэмэпсымэ». Ар иджыпсту телескопхэм лъабжь яхуэхьащ.

◆ФокIадэм и 25 - 26-хэм Тайвань щекIуэкIынущ къхъуэкащIэ шынагъуэхэм ящ1эгъэтынымкIэ дунейпсо конференц.

◆ФокIадэм и 25-м щ1ыщ1эдзауэ жэпуэгъуэм и 9-м нэсыху Рио-де-Жанейро (Бразилиие) щекIуэкIынущ 10-нэ дунейпсо кинофестивальр.

◆Илъэси 5 и пэкIэ дунейм ехьжащ уэрысей еджагъэпхуэ, «Гъуэгурыкlуэхэм я клуб» студием и унафэщIу щыта, журналист, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, Новгеием щыщ къэхутакIуэ Хейердал Тур и гъусэу, «Ра», «Ра-2» папирус къхъуэ щ1ыкIуэхэм ицу Iуэгъуэнэ жьыжьэхэр зэпызыпущIа **Сенкевич Юрий**(1937 - 2003).

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикIэ 58-м, кьухьжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикIэ 59-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ зы дакьикIэр.

ФокIадэм и 26, *мэрем*

◆Бзэхэм я европэ махуэщ. Европэм и Советымрэ ЕС-мрэ я жэрдэмкIэ ягъэлъапIэ (2001).

◆Бишкек (Кьыргъыз) щ1ыз5хуэсынущ СНГ-м хэт къэралхэм я унафэщIхэм я Советыр.

◆1947 гъэм къальхуащ къэбэрдей уэсакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр и щIалтхэм я щ1ыIэ и журналист **Джэрылэ Арсен.**

◆Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикIэ 59-м, кьухьжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикIэ 57-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикIэ 58-рэ.

ПIалъэгъэр зыгъэхъэзырыр ШАЛ Мухьэмэдщ.

ЛЪЭПКЪ Iущыгъэ:

Зи Iуэ ит нэхърэ, зи щхьэ ит.

Кlыщ Мухьэдин и лэжьыгъэм топсэлъыхь сурэтыщI Бгъэжьокъуэ Заурбэч (*сэмэгумкIэ щ1ытщ1*).

●Дыгъуасэ

Кlыщ Мухьэдин и лэжьыгъэшхуэр утыку кърехьэ

ФОКIАДЭМ и 24-м КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхуб5 художник, зи Iэдакъэщ1экIхэмкIэ къэрал куэдым кьыщ1ащ1ыху сурэтыщI Iэзэ КIыщ Мухьэдин «Къэжал зауэ» зыфIища и лэжьыгъэшхуэм и презентацэ.

Пшыхьым кърихьэлIащ республикэм и Парламентым и депутатэхэр, министрхэр, лъэпкъ интеллигенцэмрэ жылагъуэ зэгуэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр. Ахэр КIыщ Мухьэдин екъуэхъуащ Художествэхэмкlэ Урысей Академием и дыщэ медальр, «Зыхуэфащэм» ныжуиIэр, кьызэрырратамкIэ.

Пшыхьыр иригъэкIуэкIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьамадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд.

Вэрокъуэ Владимир КIыщ Мухьэдин йохьэуэхъу.

● Май куей

Май куеймрэ къаIэмрэ я администрацэхэм я унэхэм лэжьыгъэшхуэ щращIэкIынущ.

КЪАЛЭМи утыку нэхъыщхьэм щ1ыIэ а ухуэныгъэхэм къращэкIащ зыхуеину техникэр.

Ухуакlуэхэм зэрыжаIэмкIэ, псом ящ1э уащхьэхэр зэрахъэкIынущ, абы кьыкIэтыыкIуэ Iупльапl эхэр дахэу зэрахьэнущ.

Ремонт лэжьыгъэхэр щекIуэкIынущ гъуэдзэжкIэ сабий школми. Лъэ зекIуэ-льатэм зыри илажьэтэкъым, щ1ыуар ар зезыгъакIуэхэрщ.

Абхъазыр пIейтеижьыркъым

Дыгъуасэ Абхъазым и Парламентым ратификацIэ ищIащ а къэралымрэ УФ-мрэ зэнибжьэгъуным икIи зэдэлэжьным теухуауэ зэращ1ыла зэгурыIуэныгъэр.

ЗэгурыIуэныгъэм Iуэху куэд къызэщIеубыдэ. Абы-хэм ящ1ыщу нэхъыщхьэщ Абхъазым и гъунапкъэхэр хъумэныр Урысейм кьалэну зэрызыхуигъувыжьыр.

Зыр токI, адрейр тохьэ

Японием и премьер-министр хъущ1 Асо Iар5.

Абы а кьулыкъум щ1ызэрихьэкIащ Фукуд. Иужьрейр и кьулыкъум текIын хуей хьуащ къэралыр зыхэхуа экономикэ гугъуехьхэм кьыхэкIыу.

Арати, Японием и парламентым нэхъыбапIэр щ1ызыIыгъ либерал-демократхэм е зыхьуэ нэхъ зыхуей кандидатыр тыншу пхатъэкIащ.

Обамэ хахыну?

США-м и демократ, республикэ партхэм къэралым и президенту хахыну къагъэлъэгъуахэм я зэпеуфыцIэм щ1едзэ.

ЦIыхухэм зэреупщIахэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, зэкIэ демократ партым и кандидат Обамэ Барак бжьыпIэ иIыгъ хуэдэщ. Мы зэманым абы и телъхьэщ американхэм я процент 52-р.

Уэщхьшхуэ ящ1ощхъ

Кьуэкlынlэ Жьыжьэм уэщхьшхуэ кьыщ1ещхащ, жьапщ1эхуэ щ1ыIащ зы секундым метр 25-рэ и псынщIагъуэ.

Абы щ1ынIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэщIыныгъэ инхэр кьыщ1ихьащ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 25, *махуэку*

◆Тенджызым и дунейпсо махуэщ. Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм ар щагъэлъапIэ фокIадэ мазэм езыхэм я деж нэхъ къезэгъ махуэхэм.

◆Илъэс 1145-рэ и пэкIэ (863 гъэ) тхыдэм къыщ1ыхэщащ Смоленск къалэр. Илъэс 65-рэ и пэкIэ (1943) мы махуэм Смоленск фашист зэрыпхъэкIуэхэм кьыIэщIагъэкIыжащ.

◆Илъэс 400 и пэкIэ (1608) голландеджагъэщхуэ Липперсгей Ханс (1587 - 1619) кьигупсысащ «жьыжьр гъунэгъуу уэзыгъэльагъу Iэмэпсымэ». Ар иджыпсту телескопхэм лъабжь яхуэхьащ.

◆ФокIадэм и 25 - 26-хэм Тайвань щекIуэкIынущ къхъуэкащIэ шынагъуэхэм ящ1эгъэтынымкIэ дунейпсо конференц.

◆ФокIадэм и 25-м щ1ыщ1эдзауэ жэпуэгъуэм и 9-м нэсыху Рио-де-Жанейро (Бразилиие) щекIуэкIынущ 10-нэ дунейпсо кинофестивальр.

◆Илъэси 5 и п

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Сыт «къашыргъэхэм» я дамэхэр зытрашащIэр?

Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зыми IэщIэмылъу псэун зэрыхуейм щыпсэхьыхьым УФ-м и Президент Путиным жиIащ а Iуэхум теухуауэ дунейпсо дэфтэрхэр щыIэ. Сыт хуэдэ ахэр?

Зыков Е.,
Великий Новгород

- Дунейпсо хуитныгъэхэм я тегъэщIапIэ Хэку зауэхуэм ижькIэ ООН-м, Шыкагъуэнщагъэмрэ зэдалъхьэжьныгъэмрэ теухуауэ Европэм щекIуэкIа зэхуэс нэхьыщхьэхэм хъыщащта документхэр. Абхъэм къагъэув къэрал псори мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм хущIэкъуи, дэтхэнэ пIэнпкъри ешым зэрыфIэфIым хуэдэу, щхьэхуиту, зыми IэщIэмылъу псэун хуейуэ. Югославиерэ Iэпхъаным. Косовэ къэралгъуэр къэхъуным и пэкIэ къэралу щыIэм ягъэнэхъапэрт гъунапкъэхэр быдэу, ямыкъуэу, ямыгъэIэпхъэуэ щытыныр. Арат нэхъ фIэзаухэр Урысейми. Ауэ Куржым и дзэхэм Цхинвал зэхакъута, мамырщIэкъу къаруэр зэтракIа нэужь, Урысейр якъуэувэн хуей хъуащ лей зытехьа пIэнпкъхэм - абхъазхэмрэ осетинхэмрэ. А Iуэхур йоэзгъ, къэбгъэлъагъуэмэ, ООН-м и Уставым (ешIэ 51-нэ статьям), Шыкагъуэншагъэмрэ зэдзэлэжьэныгъэмрэ теухуауэ 1975 гъэм Европэм къыщащта унафэм и еплIанэ, ерянэ Iыхьэхэм.

ЩIэныгъэлIхэм яIуатэу зэхэсхащ илъэс 40-50 хуэдэ дэкIмэ мылылъэ лъэхъэнэ щыкIым щIидзэну. Ар пэжмэ, сыт дунейр кIуэ пэтми нэхъ хуабэ хъунуи щIыжаIэр? Хэт и жьIэ нэхъ дызэдэIуапхъэр?

Семинэ М., Тулэ

ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академиемкlэ и институтым и лабораторэм и унафэщI Шмакин Андрей жеIэ:

- «Мылылъэ лъэхъэнэ цIыкIу» жыхуаIэр дунейр нэхъ щIыIэ, уэлбанэхэрэ, гъэмахуэр кIэщI, щIымахуэр кIыхь хъунырщ, 16-нэ лIэщIыгъуэхэм зэрыщытам хуэдэу. Абы щыгъуэ, тхыдэтхъэр щыхьэт зэрытехьэуэмкIэ, гъэмахуэ мазэхэм Iумыл хьащхьэ, уэс къыщIес къэхъурт. Ауэ, дауи, нэхъ шынагъуэр «мылылъэ лъэхъэнэшхуэрщ», илъэс мин 12-I4 хуэдизкIэ узэIэбжьыкIэмэ Европэм и зэхуэдитIыр зэщIэзыулIэгъам хуэдэрщ. Ефагъэшхуэхэм илъэс мин куэдкIэ щыIа щытыкIэр къапщытэжурэ, хуагъэфащэ «мылылъэ лъэхъэнэшхуэ» къытригъэзэнкIи хъуну. Ауэ ар къыщыхъунур нобэ-пщэдейкъым, илъэсищэ зыбжанэ дэкIмэщ.

США-м и шхапIэхэм бэдзэжаныр щумыгъуэтыжу, абы сальмонеллёз бактериехэр хэлъу къахэутауэ жаIэ. Ар пэжмэ, ди къэралми къыщапщытэн хуейтэкъэ сатуищIэхэм къыдащэ бэдзэжаныр зыхуэдэр? Мыпэжуи къыщоохъу. Сыт щхьэкIэ? ЛыхэкIэрахъэ сальмонеллёзыр зыхуэлэжьэр?

Фатеевэ О., Ярославль

- Сальмонеллэр хищIэкIи мэхъу лыхэкIми хадэхэкIми, - жаIэ Темирзаевым и цIэр зезыхьэ академием зоогигиенэмкIи и кафедрэм и IащIагъэлIхэм. - КъэкIыгъэхэр зи гугъу тщIа бактериехэм зэщIащтэнкIэ мэхъу, я тхьэмпэхэм щIыгъэпIщэр зэхэщIахэр щытепкIэкIэ. А мыгъуагъэм бэдзрэжаныр зэрыщыгъхъэмфынур псы пщтырым хэпIыхьэрщ. Дэтхэнэ къэкIыгъэри «гъэшхэн» зэрыхуейр и лъабжьэмкIщ. Ар нэхъыфIу щIыпхъэзфIкIыныр, дауи, уи уней хадэрщ.

Рекламэхэм «ятхьэлэ» телевидензр, псом хуэмыдзу художественнэ фильмхэр. Зыгуэрым уеплъынкIи зэрыщIэбдзэу, уи щхьэм «хьуэ» рекламэ хьэдэгъуэдахэхэр. Абы унафэ тещIыхьыкIи хуейкъэ?

Мохначевэ Д., Тверь

- Мы гъэм и шыщхьэIу мазэм Федерацэмкlэ Советым и Унафэщ Миронов Сергей къыхилхьат рекламэр хуоджественнэ фильмхэм хэхьи кIыхь, хъунырщ, 16-нэ лIэщIыгъуэхэм зэрыщытам хуэдэ.

Си пхъурылъхур, зи ныбжьыр илъэсибл хъуар, жьэн узым еIэзэхэм я учетым щытщ. Сыт хуэдизрэ къыхалъхьэн хуей абы «МантУ» жыхуаIэ хущIхьэр?

Кулеш К., Соломенское кьуажэ, Ставрополь край

Ставрополь краймрэ Шыкагъэр хъурэзыныкIэ и министрым и къуэдзэ Федосовэ Галинэ къыдыджИамкIэ, «Манту»-р сабийм ехьэлIэн хуейщ илъэс къэс эз. Мы Iэхъум теухуауэ гугъуехь гъэрхэр къыкIэуэкIмэ, жьэн узыр щагъэхъуж диспансерым и унафэщIым зыхузбгъэзэмэ, щэч хэмылъу, сэбэн къытпхуэхъунщ. И хэщIапIэр мыраш: Ставрополь къалэ, Достоевскэм и уэрам, 56.

Ди къалэм щагъахьэзыр щIакъуэр IэфIыншэ дыдэ хъуащ. Сыту пIэрэ абы и щхьэусыгъуэр?

Семеновэ Т., Черкесск

- Къэрашей-Шэрджэсым и прокуратурэм щыгъуазэ дызэрызуищIамкIэ, Черкесск къалэм щIакъуэ щызыгъажьэхэм я лэжьыгъэм ныкъуасанысгъэ инэжр хэлъщ: пэщхэр IэфIей-лъэфIейщ, лэжьакIуэхэм ящIщ куэдым я узынщагъэр зыхуэдэр дохутырхэм къапщытакъым, къъузанэхэр зэпэщIыкъым, щIакъуэр тыкуэнхэм зэрашэ автомашинхэрэ санитар хабзэм и мардэхэм пэIэщIщ.

Къэпщытэныгъэм кIыгкIуэхэм теухуауэ административнэ Iуэху къаIэтащ.

США-м и президент хэхьныгъэхэм кандидату хагъэхьа Маккейм зегъэпэхьашэ. Осетие Ипщэм къэкIэкхъуэкIагъэ щызезыхьа куржы сэлэтхэм къащхьэщох. ГъэщIэгъуэнракъэ, и пщIэри (рейтин- гыр) дэуей зэрытщ. Зауэр зэщIатъэту, загъэлIыхьыIыбжьу утыкум къохьэ къэрал зыбжанэм я Iэтащхьэхэри. Сыт «къэшыргъэхэм» я дамэхэр щIагъэсысыр, ахэр зыхэтыр?

Бабушкин А., Дон Iуфэ Iут Ростов

Жэуап кърет политик-аналитик щIэныIуэ Митрофанов Алексей:

- КъызэрысфlэщIыкIэ, США-м и мурадыр Кавказыр зыIэщIиубыдэным къыщыувыIэрхъым. Американ хэм зыхуагъэхьэзыыру къыщIэкIынущ Ираным зауэ иращIыгылIэну. Абы щыхьэт торхъуэ Тенджвэ ФIыщIэмрэ Персидскэ псыдзуаIэмрэ американыдзэхэр зэрыщIэзэхуэсыр. Апхуэдэ къэхъугъэ мыщхьэпэми ди къэралыр сыт и лъэныкъуэкIи хуэхъэсэну щытыпхъэщ.

«Аргументы и факты», «Труд-7», «Комсомольская правда» газетхэм къахэтхащ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ СНГ-м хьыхьэну?

Урысейр дохъумэ

Иджыблагъэ Абхъазым щыхьэщIащ КПРФ-м и Новосибирск обкомым и ятI секретарь, Къэрал Думэм и депутат, Урысейм Беларусымрэ я Къэралыгъуэ зэгуэтым (Союзым) и Парламентым хэт Локоть Анатолий.

- Анатолий Евгений и къуэ, уэыхэта делегацIэр сыт Абхъазым щIэкIуар?

- Урысейм Абхъазым зыми Iэщ1эмылъ къэралыгъуэу къыхэзыльытам, куэдым зэращIэщи, мыхьэнэшхуэ зIэщ. Ар Iуэхум и зы Iыхьэу. Апэрэр ди къэралым хьыхьэнэ къыкIэльыкIуэ псэбакъуэу уфIкъунут. Гуваш-щIэхами абы дыхуэкIуэну къыщIэкIынщ. Ауэ мы зэманым Къуэбэпи къэралхэм кIаIэта «Iуэупсэуэшхуэм» щIэту, зи гугъу тщIа Iуэхур пIащIэ-тхъыгтхъыу едгъэкIуэкIыныр кьемызэгъащ. Нэхьыфlыр Абхъазыр зэкIэ Урысеймрэ Беларусымрэ я Союзым хэгдгъэхьэныгщ. Аращ нэхьыбэу зи гугъу тщIар.

- Беларусым сыт Абхъазыр щIынатIэ щхьэхуэу щIыпсыр, зыми Iэщ1эмылъу къыщIимылъытэр?

- Абы теухуауэ нобэ-пщэдей хIэуцIыIу ящIынущ президент Лукашенкэ и унафэр. КIымыдзкIэ, КПРФ-м и ЦК-м и Iэтащхьэ Зюгановым зыхунтрэзащ социалист, коммунист парту дунейм и къэралыгъуэ куэдым щыIэхэм, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ даIыгъыну къыхуриджэж. Шэч хэлъхьэм зыкъомыр абы къыщэрыпэджэжынут.

- Абхъазыр мы зэманым хуэныкъуэу пIэрэ политикэ дэIэпыкъуныгъэ?

- Хуэныкъуэщ, дауи. Нобэр кIыздэсым щIынатIэм мамырыгъэр быдэу щIэзэтеувэжакъым. Ущ хуэд ныкъуэкъутэщ, предприятхэм ящIущу мащIэ дыдэщ лажьэр. У рысеим и фIыщIэкIэ «къоп сэуэ» гъущI гъуэгур, энергетикэр, туризмэр, уебIэмэ аэропортыр. А псоми абхъазхэр ину щогуфIыкI.

- Осетие Ипщэм и правительствэм гугъуехь Iэджэ игъэвын хуей хъуащ, зауэм зэрыщIидзэу. Абы къыхэкIыу игъэзэщIэн хуэдизрэ ящIщ куэдым яужь ихьэну хунэсакъым. Абхъазыр апхуэдэ къэлэнхэм хуэхъэзыру къыщIэкIа?

- Осетие Ипщэм куржыхэр псынщIэ дыдэу къызэрыгуэрн, мыгъуагъэ Iэджэ къыпIэIэсащ. Ар нобэ куэдым ящIэ. Урысеидзэр Рокъ тоннелым щIэкIыу куржыхэм япэува нэужь, Саакашвили и дзэ хэр екъэжьжащ, я Iэщхэр къыхыфIащIэн.

- «Я Iэщхэр» жьыпIами, зи гугъу пщIар американ ракетхэрауэ къыщIэкIынщ?

- НтIэ. Американ, польшэ, украинэ танкхэрн, бронетранспортерхэрн, автоматхэрн гъунэжу яIэщIэзыхэр щыIэщ. Осетинхэм я нэгу щIэзыIа, къыдеIэкIыжыгъэ иныр, зэрыгурыIуэгъуэщи, абхъазхэмри яIуэзынут, Урысейр мыхъуамэ. Ар фIыуэ къагуроIуэ мы щIынатIэм исхэм. ИкъуэкIэ гуапэ къыгъуэщ ахэр. Уэрамхэм дыкъыщащIыхуэ тэ, дыкъыгъэзыIэрт, къыдэхъуэхъур т, я унатIуэхэм дыщыхьэщIэну драгэбгъаблагэрт. ИкъуэкIэ къыттщыгуфIыкIащ президент Бэгъэпщ Сергейрэ парламентым и Iэтащхьэ Ашуфэ Щэрмэз. ДызэпсэхъыпIащ, ди мурадхэр зэ жеIащ, Iуэхугъуэ нэхьыщхьэ хэмкIи дызэгурыIуащ.

Арыншауи хъункъым. Куржыр я Iэщ1эу, КъухьэпIэ къэралхэр зэбгъэрыкIуэр Абхъазыркым, Осетие Ипщэркым, У рысейщ. Нобэ дэ псори дызэгъуэгу дохъумэ Урысейр.

● Бжьыгъэхэм я бзэкIэ

Хэхъуэхэмрэ хэщIхэмрэ

Урысейм и щынальэу 7-м, гъэ кIуам еныгтаф, нэ хь машIэ щыхъуащ улахуэхэр, пенсэхэр, стипендиехэр - ахэр «инфляцэ» зыкIэ щIэкIуащ.

РОССТАГЪМ къыдэриталкIэ, мыльку нэхьыбэ зыфIэкIуэдахэм я «пашэщ» Чукоткэм щIэпсэуэр. Абыхэм я хэхъуэр екъуэкащ проценти 10,4-кIэ. Зи Iуэхур мыщIагъуэхэм ящIыщщ Приморскэ крайр (4,2%), Москва (1,6%), Ненецкэ автономнэ областыр (0,9%), Кострома областыр (0,7%), Хакасиер (0,5%), Ленинград областыр (0,3%).

Адрей щынальэхэм щыхохьэу щыхуэхэм кIаIэрыхьэ ахъщэхэр. Къэбгъэльагъуэмэ, процент 30-м щIигъукIэ нэхьыбэ хъуащ Алтайм, Ингушым, Ивановэ, Рязань, Смоленск областхэм щыпсэухэм я хэхъуэр.

КУЗНЕЦОВЭ Еленэ.
«Труд - 7».

Хабзэмрэ захуагъэмрэ зэщхьэщокI

Нобэрей Урысейм щIапхъэджагъэ куэд щалэжь: якI щыху лажьэщIэхэр, яхъунщ ЗылькIэлъхэр, уебIэмэ, линым и лэжьакIуэхэр яубэрэжь. Сыт хуэдэ Iэмалхэр япэдгъуэн хьуну ящхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм? А упщIэм жэуап кърет тхакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, милицэм и полковник Коренцкий Даниил.

2003 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м Уголовнэ кодексым дыщIагъэжа хабзэхэр, щэч хэмылъу, мыльхъэсщ, захуагъэм пэIэщIэщ, щыуагъэ, къуанщагъэ Iэджэ зыхэльщ. А хабзэхэр узчыI яхуэхъуащ щIэпхъаджащIэ куэдым. ХъэкIэхъуэкIагъэ зыдэжьахэр, цIыху зыбжанэ зыIэщIэкIуэдахэр нобэ яукIыркъым, тутнакъэщым ирагъэтIысхъэ, ику иту къащIэжэ илъэсий хуэдиз традъхьэрэ (апхуэдэхэм США-м щыльагъэ илъэсищэ е электричество зэкIуалIэ щэнтыр).

Сэ быдэу жызоIэ: къуанщагъэ ямылей зылэжьахэр укIын хуейщ. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр къызыхэкIыр гущIэгъуншагъэркъым, захуагъэрщ - щхьэж илэжьа щIэпхъаджагъэм хуэфэщэн тезыр егъэгъуэтыпхъэщ.

Хьэдэгъуэдахэкъэ мыпхуэдэ бжьигъэхэр: 2000 гъэм «правозащитник» жыхуаIэхэм я Iэгуауэм щIэту хуит къащIыжьагъащ хабзэр къызэпызыыдахэу 12843. Абыхэм ящыщу 2689-р лIыукIт, 1834-р хъунщIакIуэт, 32-р цIыху зыдыгъут, бандэм хэтт. Нэрылъагъут «хабзэщIэхэр» зэрыгIасхъэр, абыхэм зэранытэ инэжр къахьыжкIэ зэрыхъунур. Абы къыхэкIыу, нэхъ ижьыIуэкIэ ахэр зэраухъэжкIыжащ, нэхъ «щIакъуэзжащ». Апхуэдэу щыт пэтми, нобэ ныкъусанысащIэкъым, куэдым хущощIэ, егъэленныгъэ гуэрэхэри яхэлъщ.

Гу зылыытапхъэщ мыри. Тутнакъэщым исхэр хуит къ э т щ I ы ж ы н у къыдэлэIуахэм я нэхъыбэр тезыр зэрытальхьауэ, лъэхъуэщым исауэ щытахэрщ. Хэр зыхуэлIыуэр езыхэм ещхь гуэрэхэрщ.

ЦIыхухэм зыхащIэ: къэралым дахэ-дахэу къыкъумэфынукъым. Аращ Iэщ зэмылIужьыгъуэхэр щIызрагъэгъэгъэтыр. Псалъэм папщIэ, щакIуэфочу мы зэманым унагъуэхэм щаIыгъщ мелуанитху жуэлIэ. ЕпгIыт министрхэм, депутатхэм, олигарххэм я «мэIуэхэм» - быдапIэхэм ещхь унэ абрагъуэхэм, жыркI гъэбыда автомобилхэм, я щIантIэхэм дэт хъумакIуэхэм, хьэ бзаджэхэм, Iэмэпсымэ зэмылIужьыгъуэхэм.

Ди къэралым и унафэщIхэр егупчъмэ, Урысейр правовой къэралу хъуфынущ. Американхэм зэрыжаIэмкIэ, щIэпхъаджагъэр щыпхуэгъэкIуэдынкIи ящIыпхъэ фейдэуэ къыпхэкIуэнум нэхьр тезыру ирагъэльащ ... илъэситкIэ тутнакъэщым исыну. Мыгувэуи хуит къащIыжьащ, «жьы хуэщ, гущIэгъу хуэщIыпхъэщ» - жаIэри. Зи гъунэгъуэм дэдгуфIкI къудей къыфIэзыдыгъуа лIыжьыр ягъэтIысащ... ильэсибл пIалъэкIэ!

Ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур? Доллар мелуан 30 хъэгъэщагъэкIэ зыIэрызыгъэхьамрэ сом щитхъкIэ «Iабагъэ» я тезырэр зыхуэдэм хуей? Ар захуагъэ? Хьэуэ. Захуагъэ нэсыр хуэгъэ зыщI хабзэщ!

«Аргументы и факты».
Тхыгъэр адыгэбзэкIэ зэрагъэкIар ДЫЩЭКI Сонящ.

● Iуэху еплъыкIэ

ЦЕРЕТЕЛИ Зураб: ЗыгуэркIэ сэбэп сыхъуфыну?

Скульптор цIэрыIуэ Церетели Зураб Куржыр Урысейм ешэлэным хэлъфIыхьэ и лъэпкъэгъуэ пщыпхуэ Церетели Зураб и лIэужьхэм ящыщу яIуэт. Ар сыт мы зэманым нэхъ зыхэлъфIыхьыр? Сыт фIыкIэ е IейкIэ зи псалъэ щыIэм? Урысей-Куржы зэуэщытыкIэхэм теухуауэ? Зыхуэзгъазэри, сыпкъроуэпщIыхь.

- Уэ уащыщ Москва щыпсэу куржыхэм. Дауи, ущыгъуэзэщ Урысеймрэ Куржымрэ яку кьыдэхъуэ зэжьхэхуэунытIъхэм. Мы къэралитIым яущыщу дэтхэнэра узиуэчылыр?

- Сэ сызиуэчылыр гущIэджэщ. Сыхуейкъым политикэм сыхьхьэну. Сэрыншэуи зэфIэкIын Iуэхуущхьэхъуэр. Дзэжэнэ зыри жэуапатхэкIуэщ и Iэужьхэсэнкlэ. Зэрыжаlэщи, дунейр щэрхъщи, мэкIэрахъуэ. Нобэ зыгуэр къохьу, пщэдей нэгъуэщIхэм даIуэуэ. Сэ а псори сухэзгъэзэхуэнукъым.

- Уэри зэрыпщIэщи, Москва дэсщ фIэлIыкI зиIэ куржыхэу зыкъом. Ахэр зыми хигъэзыхьыркъым я гъэпкъым бин хуэхъуну? Ауэ Саакашвили Михаил зыхуэдэмрэ ящхьэ-пхъаджагъэмрэ щалъэгъуэкIэ, щхьэ гурамыгъэ-Iуэрэ абы къуаншагъэ зэрищIэр, америкэхэм къызэрагъащIэр, и гъунэгъу псори фIэкIуэдынкIэ зэрыхъунур?

- Сэ схуэзфIэкI къызгъанэркъым лъэпкъхэм я зэныбжьыгъуэгъэр нэхъ быдэр хьэпапщIэ. Епгъ Москва и Тишнэ утым. Абы итщ сэ згъэхьэзыра монументыр, Урысеймрэ Куржымрэ дапщэщи фIыуэ зэхуищытын хуейуэ къэзыгъэувыр. Ди лъэпкъхэр зэкъуагъэувэн хуейщ ди тхьэдэм и щапхъэфIэм, динкIэ дыззрызэкъэушым. Сэ згъэхьэзырат ди патриархэр - Алексий ЕтIуанэмрэ Илья ЕтIуанэмрэ - щыIэзгъэуэ скульптурэ пIащэ. Абы и хьыбарыр зэрызэхихыу, Алексий Тбилиси накIуэри, Илья Iуащащ, си гъэмахуэм щытхъуащ. Ди лъэныкъуэ зэрадгъэщIэ щызэхихым, и нэпсхэр кьыфIащIэжащ... Щыхухшхуэ Iэджэ щыIащ Тбилиси. Мы кьалэм дэтщ члисэ, снагогэ, мэжджьт. Ахэр зыкIи зэрадгъэхуэкIыжьыр. Куржыр и лъэпкъгъуэм ещхьэфрэуэнкIэ хьунущ, ауэ хамэ лъэпкъым щыщым зэи хуэпхъэщэнукъым, сэ кьызэрысфIэщIыкIэ. Аращ дэ дымыкьымыщIэ хуэдэу яIуатэхэр си фIэщ щIэмыхьыр.

- ФIэщхъунытэм, диным ди лъэпкъхэр зэгъуэгъэ ещI. Хэт атIэ ахэр зэкIэщIэзыгъэнщ?

- Зи гугъу пщIы зэныкъуэкъунытэр кIыхьыIыхь хъунукъым. Си фIэщ мэхъу ди зэхуэщытыкIэхэр зэрефIэкIуэкъынщ. ЗыгуэркIэ щыIэщIыкIэхэр зэгъунэгъуэ зэрыгъэзэнкIи, Нобэ дякум мы бзаджэ кьыдыхьамэ пщэдей нэгъуэщIу, ди псэр зы чысэм и пIуэ дыкьыщIидзыжьынущ. Сэ абы зыкIи щэч къытесхъэркъым.

- Гъэзаджэм и гугъу тщIынщи, щхьэхуэм я гугъапIэ нэхьыфIэр скульптурэжэм къагъэлIагъуэу щыIуэ, Ауэ нобэ сыт пхужьIэну?

- Зэчий зимыIэмэ, гъэзаджэм зыри щыпхъэщIэнуэкIын. Сэ Iыхьлъэ-гъэзаджэ кIэлъэсэ- сыхуэзгъэжьну куэдрэ кьыIэзэущIну щытащ хъэпапкэм.

- Сыт «гъэзаджэ кьабзэр» зыщIысыр? Нэхъ тэмэмыр щIыхуба гъуэзаджэрракъэ?

- Псори щIыхуабэм зэрыIэщIэлъым теухуауэ нэхьапэхэм куэд дыдэ жаIэрт. Ауэ «гъуэзаджэ кьабзэр» зэчий зиIэ дэтхэнэри зыкуэщIэкIуэпхъэ щIыгапIэщ икIи щIыхуабэр абы ещхь «щIэIэтэнхуейщ. Кьимыдэкlэ, фэепльэкъэр щIэпкъутэн щыIэкъым. Кьытхэтыи хуейщ Ленинрэ, Сталинри, Марксри, Энгельсри, нэгъуэщIхэри. Сыт Лубянкэм Дзержинскэр щыщIымыIэжьыр? Ар икIуэкIэ гъжьыгъэфIт.

- Лэжьыгъэ мылъуэсхэри утхэм я кьыщрагъэувэ кьэкъу. Абы и щапхъэ куэдым ущыгъуаззу кьыщIэкIынщ?

- Хьэуэ! Зы щапхъэ кьысхуэхьунукъым. Дэгъэнэ гъжьыгъэри уеПIэщIэкIыу щIэбгъэпудын щыIэкъым. Сэ зыгуэр сигу иримыхьмэ, скульптурэр мыхъумыщIэу жысIэн хуейкъым. Куэдым зыкъомрэ яфIдэхакъым Эйфель и чэщанэщхуэр. Ар мы зэманым Париж и дамытэ нэхъыщхьэу къаIытэт. Ещхьыркъабзэу, Iэджэм гунэс ящыхъуатэкъым Рио-де-Жанейро дащIыхьа статуе абрагъуэр, Хьистэ Бэрэтинэ дзэыгъэльагъур. Ари зыхуэдэ щымыIэ фэеплъ гъуэзэджэщ. Сыт дэбгъэнэт «Рабочэмрэ колхозэхтымрэ» зыфIаща фэеплъым?

- Сыт уэ гуэхуэм, Iуэху мыщхьэпэм ят сухуа фэеплъхэм нэхъ ущIыдахьжьыр?

- Щыхуэхэр сфIэпсэкIуэщ. Си гур ящIоГъу лей кьызыльыгъасхэм. Согупсысэ: «Сыткъэ сэбэп сыхъуфыну?» Америкэм тыгъэ хуэсщащ «Нэпс» зыфIэсща фэеплъыр. Соловки щызгъэзувыну си мурадщ Хьинсэ бегьымбарым и фэеплъышхуэ, метрищ хуэдизу и льагагъыу. БлэкIар зыми тщремыгъупщэ. Нобэ Сталинир ирагъэщхъ Iиттлер. Ар хьэдэгъуэдахэхъэ? Iуищыгъэ нэсыр блэкIам пIыхьыкъым, атIэ языныкъуэхэр зыщыбгъэгъупщэфынырщ.

КОЖЕМЯКИН Владимир.
«Аргументы и факты».

● Украина

Украинэм и президент Ющенкэ Виктор хущIокъу и къэралыр НАТО-м хигъэхьэну, а Iуэхур и хэкуэгъуэм къазэрыщыхьэр зыуи кьырмыдзэу. Кьридзамэ нэхьыфIт: ЩIэныгъэхэмкIэ лъэпкъ академием къызэрихутамкIэ, украинхэм ящыщу НАТО-р зи щIасэр зэрыхьур... процент 16 кьудейщ.

Аращ мы къэралым щымыужьых политикэ зэныкъуэкъунытэхэм я хэкIыпIэ нэхьыщхьэр. «Жьы бзаджэр» я зэхуэхуэм джаиш къэралым и унафэщIхэми. Зэтенлъэ хьужьркъым зэгуэрыпэ фIыуэ зэхущытахэу президент Ющенкэ Викторэр премьер Тимошенкэ Юлиерэ - ахэращ сурэтым щыфIыгъур.

«Эхо планеты» журналым къытхэжьащ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар политикэ обозреватель ТХЬэМОКъУЭ Барэсбийщ.

● Улахуэхэр

Къулыкъущ1эхэр зыхэпсэукIыр

Ди къэралым исщ къулыкъущIэу зы мелуан хуэдиз. Росстатым къызэриталкIэ, абыхэм я улахуэр, ику иту къащтэмэ, сом мин 23-м щIегъу.

Нэхъ къулеиIуэу ябж депутатхэмрэ абыхэм я дзIэныкъуэгухэмрэ (зы маззм кьахохьуэ сом мин 40-м щIигъу). «Къулейсыхэм» хальытэ суд, прокуратурэ лэжьакIуэхэр (сом мин 18 «къудейщ» къахухьыр).

УФ-м Социальнэ политикэмкIэ и институтым и унафэщI Смирнов Сергей къызэрильытэмкIэ, къулыкъущIэхэм я улахуэхэм нэмыщIкIэ «къигъэхуэпIэ» гуэрхэри яIэщ: Iулъхъэ кьыIах, зэфIамыгъэкIэ Iэхуэхэр ялэжьа хуэдэу ятхьыпэ, мыльку лейкэр зыщIэсысыпхъэщ, фIыщIэ зыкIэпыпхъэщ.

Сыт хуэдэ мыльку нэхьыбэу кулыкъущIэхэр зыхэпсэукIыр? А упщIэм жэуап кьрат щIэныгъэлIхэм, Iэщ1агъэлIхэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм.

Делягин Михаил, Глобилизацэ Iуэхуэхмкlэ институтым и унафэщI:

- КъулыкъущIэхэм я нэхъыбэм (кьызэрыгуэкIхэм) я хэкIыпIэ нэхъыщхьэр «соцпакет» жьыIэмрэщ. Ауэ зи «тахьтэр» нэхъ IащIэхэм, лекца кьеджэну, зыгуэрэм чэнджэщ щхьэпэхэр ират хуэдэу защIурэ, ахъщэ «лейкэр» къахохьуэ.

Арканов Аркадий, тхакIуэ:

- КъызэрысфlэщIыкIэ, къулыкъущIэхэм я процент тIощIырщ «улахуэ кьабзэм» къуэсыр, адрейхэм (процент 80-м) Iулъхъэ кьыIах.

Барщевский Михаил, уэчыI:

- Псори зэхуэсбгадэ хьунукъым. Хэт и псэуалъэр бэджэнду ет, хэтт щэхуу, и Iыхьлъхэм я унэцIэхэр кьигъэсэбэлупрэ, хьэрычэтыщIэ Iуэхуэр зэрехуэ. Банкым депозитхэр щызезыIэкIуэри мащIэкъым. Адрейхэр я улахуэм «тесу» кьыщIэкIынщ.

Митрофанов Алексей, Къэрал Думэм и депутату щыта:

- Куэдым я кьулыкъуэр «IэкIуэлакIуэу» кьагъэсэбэп, цIыхугъэ, ныбжьэгъуэ кьахэущIэхэпэнхэр зрагъэгъуэтри, ахэр зыдагъэIэпыкIу.

ЛАВРОВ Андрей.
«Комсомольская правда».

● КIэщI дыдэу

Ищхъэрэ щIынальэм щыхъыбархэр

✻Ильэситху мэхъу Дагыстэным и цIыхубэ усакIуэ Гамзатов Расул дунейм зэрехьэкIрэ. УсакIуэшхуэр къыз1эрыпэ «соцпакет» жьыIэмрэщ. Ауэ зи «тахьтэр» нэхъ IащIэхэм, зыгуэрэм чэнджэщ щхьэпэхэр ират хуэдэу защIурэ, ахъщэ «лейкэр» къахохьуэ.

✻Бакуу дэт «Абу-Бакр» мэджджитым гранатэхэр кьыщагъаIуэу цIыхуищ зыкIэхэр, зыкьом IэгъэI зыщIахэр нобэр кьыздэсым хабзэхьумэхэм кьаубыдыфакъым. Абы кьыхэкIыу, цIыхухэм я щынагъуэншагъэр хьумэныр я гурагъэу, кьалащхьэм и унафэщIэм зэхьуэгъэныныгъэ гуэрэхэр халъхьащ мэжджытым и лэжьакIэм - абы кьеIуалIэхэр хуит ящIыркъым хуэсхьэну, нэмэз щащIыну.

✻Мейкьуапэ щаухуащ прунжым елэжь заводыщI. Абы и цехэм щагъэуващ Корее Ищщэм щащIа Iэмэпсымэ зэмылIужьыгъуэхэр. Заводыр зэпымыуэ лэжьэн щхьэкIэ мыбдежьым щаухуэ прунжу тонн мин хьщ зыщIэхуэн элеватор.

✻ Невинномысск кьалэм кьыщыз1эIуахащ джэдкьэ щагъэхьу комбинат лъэрызежьым елэжь заводыщI. Абы и цехэм щагъэуващ Корее Ищщэм щащIа Iэмэпсымэ зэмылIужьыгъуэхэр. Заводыр зэпымыуэ лэжьэн щхьэкIэ мыбдежьым щаухуэ прунжу тонн мин хьщ зыщIэхуэн элеватор.

✻ Невинномысск кьалэм кьыщыз1эIуахащ джэдкьэ щагъэхьу комбинат лъэрызежьхьэ. Абы зы илъэсым игъэхьэзырыфынущ лыхэкIыу тонн минищ хуэдиз.

✻Бэнэкlэ хуитымыкlэ Дунейпсо кубокыр кьэхьыным тегуха зэхьэзэхуэ 2009 гъэм и гъатхэпэм щекIуэкIынущ Къэбэрдей-Балькъэрым и кьалащхьэ Налшык. Апхуэдэ хьыбарыр журналистхэм кьаригъэщIащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и унафэщIым и дзIэныкъуэгъу, «Гладиатор» клуб цIэрыIуэр зыкъз3эзгъэзэпэщэ Хьупсырокъу Нэзир.

«Северный Кавказ» газет.